



Avantaj pou salè ki pèdi



Workers' Compensation Board

Anplwaye ki pa al travay akòz yon aksidan nan travay oswa yon maladi ka resevwa peman pou salè ki pèdi. Yo rele sa yon avantaj pou endemnite.

AVANTAJ POU ENDEMNITE

Si ou sibi domaj oswa ou vin malad nan travay ou, mete patwon ou okouran, alekri, nan yon delè 30 jou. Ou dwe soumèt yon fòmilè *Employee Claim (Reklamasyon Anplwaye) (Fòmilè C-3)* devan Konsèy Konpansasyon Travayè [Workers' Compensation Board] (Konsèy) Eta New York la. Ou ka jwenn fòmilè yo sou sitwèb Konsèy la nan (wcb.ny.gov).

Si w rate uit a 14 jou kalandriye travay, ou ka resevwa salè ki pèdi pou jou sa yo. Si ou pèdi plis pase 14 jou kalandriye travay, ou ka resevwa salè ki pèdi apati premye jou ou pat vin travay la. Sinon, ou pa resevwa peman pou sèt premye jou kalandriye ou pa vin travay yo.

KALKIL AVANTAJ POU SALÈ KI PÈDI

Avantaj pou salè ki pèdi yo, ke yo pa pran taks sou yo, baze sou **salè mwayer chak semèn (average weekly wage, AWW)** w la pou 52 semèn anvan dat domaj oswa maladi a, ak sou degré andikap ou. AWW w la baze sou salè brit ou, ki gen ladan lè siplemantè ak lòt konpansasyon, pa sou salè nèt ou. Degre ou andikape a se yon pouvantaj ki montre nan ki nivo ou andikape. Pou kalkile avantaj ou a, Konsèy la itilize de tyè nan AWW w la epi answit ajiste li selon degré andikap ou. Pa egzanp, si AWW w la te \$900 epi ou andikape a 50%, avantaj ou a se \$300 pa semèn ($2/3 \times \$900 = \600 . $\$600 \times 50\% = \300).

AVANTAJ MAKSIMÒM AK MINIMÒM PA SEMÈN

Montan avantaj la se menm, kit andikap ou tanporè oswa pèmanan. Avantaj pou salè ki pèdi ki kouvrir nan konpansasyon travayè yo limite a yon kantite maksimòm chak semèn, ki baze sou dat domaj oswa maladi w la. Montan avantaj chak semèn ou a pa chanje si avantaj maksimòm lan chanje.

Yo ajiste montan avantaj chak semèn nan chak 1ye jiye. Li baze sou salè mwayer chak semèn tout Eta a, ke Depatman Travay Eta New York (NYS Department of Labor) detèmine. Maksimòm konpansasyon travayè yo se de tyè Salè Mwayer Chak Semenn Eta New York.

Ou ka konsilte tablo pou montan maksimòm ak minimòm aktyèl pou avantaj chak semèn yo, ansanm ak ansyen montan yo, lè w vizite wcb.ny.gov epi tape "maximum weekly benefit" ("maksimòm avantaj chak semèn") oswa "minimum weekly benefit" (minimòm avantaj chak semèn) nan ba rechèch la.

Remak: Si konpayi asirans lan konteste reklamasyon w lan, yo p ap peye w toutotan Konsèy la pa rezoud konfli a. Ou ka aplike pou avantaj pou andikap annatandan ka a rezoud. Rele Konsèy la nan **(877) 632-4996** pou jwenn plis enfòmasyon.



KLASIFIKASYON ANDIKAP

Andikap ou kapab tonbe nan youn nan klasifikasyon sa yo. Remak: Tout domaj yo "temporary" (tanporè) dabò, menm sa ke yo vin detèmine ki "permanent" (pèmanan) apre yo.

- **Andikap Total Tanporè:** Ou pèdi tanporèman tout kapasite w pou w travay ak touche salè. Ou gen dwa a tout avantaj pou salè ki pèdi ki admisib la.
- **Andikap Pasyèl Tanporè:** Ou pèdi tanporèman kèk kapasite pou w travay ak touche salè. Avantaj ou egal ak pouvantaj andikap ou.
- **Andikap Pasyèl Pèmanan, Pèt ki Pa Pwograme:** Ou pèdi kèk nan kapasite w pou w travay. Ou ka resevwa jiska 10 lane avantaj pou salè ki pèdi. Ou ka kalifye pou avantaj avi nan ka kote ou gen yon difikilite ekstrèm si ou nan limit yon ane pou w fin itilize avantaj pou salè ki pèdi yo, epi ou pèdi plis pase 75% nan kapasite w pou touche salè ou. Swen medikal se yon avantaj avi, menm si andikap la pa afekte salè.
- **Andikap Pasyèl Pèmanan, Pèt ki Pwograme:** Ou pèdi yon bra w, men w oswa dwèt ou; janm, pye, oswa zòtèy; oswa vizyon ou oswa odisyon. a yon sèten nivo. Lalwa fikse kantite semèn pou avantaj yo pou yon Pèt Pwograme.
- **Andikap Total Pèmanan:** Ou pèdi yon fason pèmanan tout kapasite w pou w travay ak touche salè. Avantaj yo ap kontinye pou lavi.
- **Defigirasyon:** Figi w, tèt ou, oswa kou w defigire an pèmanans. Ou ka resevwa jiska \$20,000, selon gravite domaj la.

APRE YON DESIZYON: Ou dwe touche yon atribisyon nan 10 jou apre dat anrejistrem an desizyon an. Si peman an anreta, ou menm travayè a, ap touche yon penalite potansyèl de 20% nan montan atribisyon ki te anreta a. Sepandan, ou ka konteste reklamasyon yo nan lespas 30 jou apre dat anrejistrem an. Si kontestasyon an konsène peman yo, yo p ap peye w sof si oswa jiskaske yon panèl Konsèy òdone peman an.

PANDAN PEMAN AVANTAJ REGILYE YO:

Peman konpansasyon regilye yo dwe fèt nan lespas 25 jou apati dat limit la. Si se pa sa, yo ka peye oumenm travayè a yon penalite de 20% ak yon montan \$300 anplis.

RÈGLE REKLAMASYON W LAN

Ou menm ak konpayi asirans lan ka dakò pou fèmen reklamasyon w lan an pèmanans an echanj pou yon sèl sòm peman oswa yon ànwite. Se sa yo rele **Settling the Claim with a Section 32 Waiver (Règleman Reklamasyon an ak yon Renonsiyasyon selon Seksyon 32)**. Nan akò sa a, w ap renonse dwa w a konpansasyon nan lavni an echanj pou peman jodi a. Renonsiyasyon sa a se yon desizyon serye. Se sèl oumenm ki ka deside si li bon pou ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [wcb.ny.gov](#) oswa gade videoyo ki bay enfòmasyon an "Settling Your Claim" (Règle Reklamasyon w lan) sou [paj YouTube](#) Konsèy la.

AVANTAJ POU SALÈ REDWI

Si ou kapab retounen travay men domaj ou a anpeche w touche menm salè ou te touche anvan aksidan an, ou ka gen dwa a avantaj pou salè redwi. Avantaj sa yo peye jiska de tyè nan diferans ki genyen ant salè ou te touche anvan domaj la ak salè ou apre domaj la.

AVANTAJ POU LANMÒ

Avantaj yo disponib pou fanmi travayè ki mouri aksidan oswa yon maladi ki gen rapò ak travay la, kit travayè a mouri imedyatman apre yon aksidan an oswa apre. Konjwen travayè a ak timoun yo pral pataje de tyè nan salè mwayen chak semèn anplwaye a, jiska montan maksimòm chak semèn lan. Timoun yo resevwa avantaj la jiska laj 18 lane, oswa jiska laj 23 lane si yo ale nan kolèj aplentan. Timoun ki avèg oswa andikape fizikman ap resevwa avantaj la pou lavi. Konjwen an ap resevwa avantaj la pou lavi oswa jiskaske I remarye. Si mari oswa madanm lan remarye, y ap resevwa yon peman final ki egal a dezan avantaj.

Si pa gen mari oswa madanm, timoun minè, oswa depandan, paran travayè a ap resevwa yon peman \$50,000. Si yo divòse, y ap pataje peman an egal-ego. Si okenn nan sivivan ki endike anwo yo pa egziste, siksesyon travayè ki mouri a ap resevwa yon peman \$50,000. Y ap peye depans fineray yo tou, jiska \$12,500 nan zòn metropolitèn New York ak jiska \$10,500 nan tout lòt konte yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou [depoze yon reklamasyon pou lanmò](#), vizite [wcb.ny.gov/fatalitybenefit](#).

ASIRANS SEKIRITE SOSYAL POU ANDIKAP

Moun ki gen yon andikap pèmanan oswa yon andikap ki dire omwen 12 mwa ka kalifye pou avantaj Sekirite Sosyal pou Andikap. Kontakte yon Biwo Sekirite Sosyal la pou aprann plis. Konsèy la pa jwe okenn wòl nan pwosedi Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap la.

ASISTANS NAN LANG

Konsèy la ap tradwi dokiman nan nenpòt lang ou bezwen. Li pral bay yon entèprèt tou pou odyans ou a, gratis. Tanpri rele **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon. Si w ap itilize odyans vityèl, ou gen opsyon pou mande yon entèprèt pou pwosesis anrejistrem an.